

Kesyon Moun Poze Souvan sou Epatit A

Kisa epatit A ye?

Epatit A se yon viris ki enfekte fwa a epi ki ka domaje li. Anjeneral se yon moun ki transmèt yon lòt moun li nan manje oswa dlo kontamine, oswa nan kontak seksyèl. Gen yon vaksen pou anpeche epatit A.

Kijan viris epatit A transmèt?

Viris epatit A antre nan kò ou apati de bouch ou epi li sòti nan watè ou (matyè fekal). Viris la transmèt lè yon moun vale ti kantite pou pou ki twò piti pou yo ka wè yo. Yon moun ki enfekte ka pote viris la sou men li epi transmèt li lè moun manyen men li, lè moun manje nouriti oswa bwason li te manyen osnon nan kontak seksyèl.

Ki sentòm epatit A?

Sentòm yo gen ladan lajonis (zye ak po vin jòn), fatig (santi ou bouke), doulè nan vant, kèplen ak dyare. Anjeneral moun vin gen sentòm yo sou yon mwa apre yo te ekspoze a viris la.

Tout moun ki pran epatit A pa pral gen tout sentòm sa yo. Tibebe yo ak jenn timoun yo gen tandans gen sentòm ki trè lejè epi yo gen mwens chans pou vin gen lajonis pase timoun ki pi gran yo ak adilt yo.

Kilè mwen ka kòmanse malad epi kilè mwen ka transmèt enfeksyon an?

Anjeneral sentòm yo parèt nan twa (3) a kat (4) semèn apre ou te ekspoze, menmsi yo ka parèt depi de (2) semèn oswa byen ta tankou nan sèt (7) semèn apre ou te ekspoze. Yon moun ki enfekte gen pi gwo chans transmèt viris la nan de (2) semèn avan kòmansman sentòm yo ak yon semèn apre.

Ki tretman ki gen pou epatit A?

Pa gen tretman pou epatit A. Pifò moun vin miyò pou kont yo nan kèk semèn lè yo pran repo epi yo pa bwè alkòl. Sèten moun ki gen maladi kwonik nan fwa oswa ki gen yon sistèm iminitè ki febli gen maladi ki pi grav epi yo bezwen swen pou sipò. Pandan ou ap refè anba epatit A, **pa** bwè alkòl ni pa pran medikaman ki ka fè fwa a mal, tankou acetaminophen oswa Tylenol.

Si ou panse ou ka gen epatit A, pale ak founisè swen sante ou.

Kijan yo fè dyagnostik epatit A?

Si founisè swen sante ou sispèk ou gen epatit A, li ka mande yon analiz san.

Èske yon moun ka pran Epatit A plis pase yon fwa?

Non. Depi yon moun fin refè anba epatit A, li pwoteje (iminize) pou lavi epi li pa pote viris la ankò.

Èske epatit A ka lakòz lanmò?

Epatit A lakòz lanmò raman (mwens pase 1% nan ka yo).

Kijan yo kapab anpeche epatit A?

Pran vaksen kont epatit A. Mande founisè swen sante ou pou ou pran vaksen kont epatit A oswa rele 311 pou jwenn yon kote k ap bay vaksen.

Lave men ou byen avèk savon ak dlo tyèd k ap koule anvan ou manyen nouriti ak apre ou fin sot nan twalèt oswa chanje daypè.

Evite fè sèks ki ka lakòz men ou oswa bouch ou ekspoze nan watè. Kapòt ede anpeche lòt enfeksyon moun pran nan fè sèks yo, tankou VIH, men li gendwa pa anpeche epatit A.

Si ou ap vwayaje nan yon peyi kote epatit A kouran, itilize dlo nan boutèy oswa bouyi dlo tiyo a pandan yon minit anvan ou sèvi ak li. Evite manje kristase ki gendwa soti nan yon sous dlo ki kontamine.

Kimoun ki ta dwe pran vaksen kont epatit A?

Nenpòt moun ki vle gen pwoteksyon dirab kont epatit A ta dwe pran de (2) dòz vaksen an nan yon entèval sis (6) mwa omwen.

Anplis de sa, yo rekòmande vaksen sistematikman pou moun ki nan gwoup sa yo:

- Tout timoun ki gen laj ant 1 ak 2 zan
- Vwayajè nan zòn kote epatit A kouran, tankou nan peyi Karayib yo, Amerik Santral ak Amerik Disid, Afrik, Ewòp Delès ak kèk pati nan Azi. Vwayajè yo ta dwe pran premye dòz la de (2) semèn omwen avan vwayaj la.
- Gason masisi ak lòt gason ki fè sèks avèk gason
- Moun ki gen maladi kwonik nan fwa
- Moun ki pran dwòg
- Moun ki gen twoub faktè kowagilasyon
- Moun k ap viv nan lari, nan yon chèltè oswa ki pa gen yon adrès pèmanan otreman
- Moun ki travay avèk epatit A nan laboratwa